

Sungkeman

(Sajak/Lagu/Danding)

Putra

:

**Sim abdi neda paralun
Neda jembar pangapunten
Rumaos lamokot dosa
Ingkar tina tatakrama
Sakan tenan amit mungkur
Bari neda doa restu**

Putri

:

**Oge nyuhunkeun pangrestu
Ti Bapa ibu pangatik
Nu ikhlas dina miwulang
Neda jembar sihaksami
Kalayan neda pidua
Ngudag kamulyaan diri**

Pepeling

Kapala Sakola/Guru:

**Baeu, baeu teuing anaking
Hate bapa, sareng sadayana ti guru Balewangi hiji
caang bulan narawangan
Teu aya geuneuk maleukmeuk
Dosa hidep bangblas bebas.**

**Bral anaking, geura miang geura tandang
Geura nuluykeun sakola anu leuwih luhur
Geura jununkeun kahayang hidep
Beber layar tarik jangkar
Tali keun samudra anu pinunjul ku pangaweruh
Doa bapa, doa ibu, guru-guru SD Balewangi hiji.**

**Paralun numpuk diluput
Palias nincakna salah
Mangka caang, mangka padang
Tinemu jeung kabagjaan
Pileuleuyan-pileuleuyan
Urang paturay patebih
Mugia hidep kening pangraksa
Katut karido Ilahi.**

*diropea dei ku Budfir
SDN Balewangi 01
Garut*